Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 29 (7378)
4 Июль 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Экстремизм - терроризмалъул идеологиялде - данде



Араб анкьил ахиралда райадминистрациялъул конференц-залалда букIана экстремизм-терроризмалъул идеологиялде данде хIалтIи гьабиялде буссараб данделъи. Гьелда гIахьаллъана РДялъул миллияб политикаялъул ва диниял ишазул министр Энрик Муслимов, РДялъул БетIерасул МугIрул территориалияб округалъул вакил МухIамад Камилов, РДялъул Общественнияб палатаялъул пред.ГIабдулхIалим Мачалов, РДялъул муфтиясул кумекчи Идрис Асадулаев, Унсоколо районалъул бетIер ГIиса НурмухIамадов, общественнияб хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ зам. МухIамад ХIамзатов, районалъул имам ГъазимухIамад Абакаров, общественнияб палатаялул пред. МухIамад ГIабдулаев, росабазул бутIрул, учреждениял-организациязул нухмалъулел, тIаде ахIарал.

Районалда общественниябгун политикияб ахIвал-хIалалъул бицунеб жиндирго докладалда муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна: районалда ахIвал-хIал чIарахьараб бугин, хIаракаталда хIалтIулеб данде чIараб политикаялъул гIадамал, группаби гьабсагIаталда районалда гьечIин, миллатазда гьоркьосеб дагIба-рагIиялъул хIужаби гьечIин, оперативияб ахIал-хIалги гьабсагIаталда гIодобе биччараб бугин, тIагIинарунин бандгруппаялъул къукъаби.

«2019 соналъул тIоцебесеб бащалъиялда АТКялъул членаз, гьединго районалда кидаго терроризм-экстремизм лъугIизабиялда тIад хIалтIулаб группаялъ гьабуна 86 адресниябгун профилактикиял



гара-чIвариял, гIадамазул хасал категориязда гьоркьоб. Киналго гьединал гара-чIвариял тIоритIула Россиялъул Унсоколо районалда бугеб ОМВДялъул хIалтIухъабиги гьорлъе рачун,-ян бихьизабуна ГI. МухIамадовичас.

М. ХIамзатов кIалъазе вахъана: «Районалда экстремизмалъул терроризмалъул идеологиялде данде хIалтIи гьабиялъул хIалбихьиялъул хIакъалъулъ»,- абураб докладгун. Гьес бихьизабуна АТКялда цебе гIуцIараб кидаго хIалтIулеб хIалтIулаб группаялъ экстремизмалде терроризмалде данде батIи-батIиял рахъазул хIалтIи гьабулин. Масала, тIагIинарурал боевиказул хъизаналгун хIалтIи, НВФялда рукIарал туснахъазде ккаразулгун, гьезул гIага-божаразулгун, рахчун чIаразулгун, гьел ракълилаб гIумроялде ахIиялда хурхун.

«Гьелъул хайир букIиналъе тIоритIулел рахъазул хIалтIул гIемер кьола СМИяздасан, кIвар кьола гIолилазда гьоркьоб гьабулеб хIалтIуде».

М. ХIамзатовас баркала загьир гьабуна цадахъ рекъон хIалтIи гьабураб бакIалъулал самоуправлениязе, РДялъул Муфтияталъе.

Гьединго докладалгун кIалъана М. Камилов, И. Асадулаев, М. ГIабдулаев, ГI-М. Абакаров ва цогидалги. Цоцазе кьуна рикIкIен гIемерал суалал, гьезие чIванкъотIарал жавабалги щвана.

Э. Муслимовас бихьизабуна совещание анин чIагояб гара-чIваригун, бицанин киналго захIмалъаби ругел суалазул, бихьизабуна гьоркьор лъурал суалазда хурхун районалда ва ДагъистаналдагIи цебетIей бугин, лъикIаб рахъалде хисулел рукIин, миллатазда гIадамазда гьоркьоб дагIба-рагIи гьечIин. Дагъистаналда рачIунел ругин туристал, гьел рачIунел ругин Унсоколо районалдеги,- абун.



Ахиралда муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас баркала загьир гьабуна АТКялъул хIалтIулъ жиграб бутIа лъуразе.

## Имам Шамилил памятник къачIана




26 июналда МахIачхъалаялда букIана Кавказалъул магIарул халкъазул эркенлъиялъе гIоло къеркьарав Шамилие гьабураб памятник къачIан хадуб рагьиялде буссараб данделъи. КIудияв полководец гьавуралдаса 222 сон тIубаялде хIадурлъулеб заманаялда памятник къачIазе бокьиялъул пикру загьир гьабуна нилъер районалъ, финансовияб рахъ тIаде босана МахIачхъала шагьаралъул нухмалъиялъ.

Памятник къачIаялъул хIалтIаби байбихьана гьеб рагьилалде кIиго анкьалъ цебе, тIубанго хисизабуна постаменталъул тIасияб рахъ, сверун чIана гIурччинлъи, тIасан берцин гьабуна дагъистаналъул гамачIалъ.

Гьеб рагьиялъул рохалилаб данделъиялда гIахьаллъана МахIачхъалаялъул бетIер С. Дадаев, Шамилил фондалъул ва «АхIулгохI» общественниял организациязул нухмалъулел, жамагIатчагIи, тарихчагIи, СМИялъул хIалтIухъаби.

## БетIерасул баркала



«Унсоколо район» МОялъул хIалтIухъабазул, районалъул Собраниялъул депутатазул, Общественнияб палатаялъул, районалъул гIадамазул ва дирго рахъалдасан кIудияб баркала загьир гьабула МахIачхъалаялъул бетIер Салман Дадаевасе Кавказалъул кIудияв къеркьохъанасул памятник цIи гьабиялъе гьабураб хIалтIухъ, араб тарих гIадамазулъ хутIизе гьеб чIаго гьабуралъухъ ракI – ракIалъулаб баркала Дуе!

Тарихги цIунун сверухълъи берцин гьаби, гьелда сверухъе гIурччинаб цIилъи бачIинаби, хасго бахIарзазул памятникал къачIай ккола нилъеца умумазул къо хIехьеялъе ва бахIарчилъиялъе бетIер къулун къимат гьаби.

**ХIурматгун «Унсоколо район» муниципалияб гIуцIиялъул бетIер ГI. НурмухIамадов.**

# ГӀатӀидаб данделъи

25 июналда районалъул администрациялда букӀана гӀатӀидаб совещание. Гьенир гӀахьаллъана муниципалитеталъул бетӀерасул замал, отделазул начальникал, росабазул бутӀрул ва цогидалги.

Совещаниялде росун рукӀана гьадинал суалал: электроснабжениялъул, лъалъадизе ва гьекъолеб лъим гӀунгутӀи, лъим бацӀцӀад гьабулеб сооружение бай, районалъул нухал асфальт тӀун къачӀай, росаби берцин гьари ва цогидалги.

Гьединго данделъиялда дандбана 29 июналда букӀине бугеб «Махщелазул праздникалде» хӀадурлъи. Гьеб ине буго Халкъазда гьоркьосеб IX «Горцы» фестивалалъул рамкаялда жаниб. Праздникалъул гьалбаллъун рукӀине руго Словакиялдаса ансамблялъул артистал.

Гьеб ккола щибаб соналъ тӀобитӀулеб, гӀемерал коллективаз гӀахьаллъи гьабулеб батӀи-батӀиял улкабазул праздник.

# ХӀалтӀулаб дандчӀвай



ХӀалтӀулаб сапаргун 2 июлалда районалъул администрациялде вачӀун вукӀана РДялъул тӀабигӀиял ресурсазул ва экологиялъул министерстволъул лъим хӀалтӀизабиялъул ва гьелъул объектал цӀуниялъул управлениялъул начальник М. Зубаиров. Гьес районалъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадовгун цадахъ тӀобитӀана данделъи. Гьоркьор лъуна санитариябгун гигиеналъул, къвакӀарал коммуналиял отходазул суалал. Гьединго данделъиялда бихьизабуна 13 июлалда районалда субботник тӀобитӀизе, гьенир тӀолалгоязда гӀагарун районалда гӀумро гьабулел гӀахьаллъизе. М. Зубаировас бихьизабуна гьеб субботникалда РДялъул минприродаялъул хӀалтӀухъабиги гӀахьаллъизе ругин.

# Аппараталъулаб данделъи



2 июлалда райадминистрациялда букӀана аппараталъулаб данделъи. Гьенир гӀахьаллъана бетӀерасул замал, отделазул начальникал ва хӀалтӀухъаби. Данделъиялда бицана ракьал тӀад хъваялъул неформалияб занятосталъул ОГЭ,ЕГЭ кьеялъул.

Экзаменал кьеялда хурхун кӀалъазе вахъарав лъай кьеялъул вакил М. ГӀабдурахӀмановас бицана экзаменал кьей анин кинаб букӀанигин бадибчӀвай ккечӀого.

ГӀ. НурмухӀамадовас тӀадчӀей гьабуна 22 июлалда букӀараб тенис хӀаялъул кьецазда, кӀвар кьуна туризм цебетӀезабиялъул суалазде, лъималазе риидалилаб хӀалхьи гӀуцӀиялде.

# Форумалде хӀадурлъи

2 июлалда райадминистрациялда данделъун букӀана 26 июлалда тӀобитӀизе бугеб районалъул гӀолилазул форумалъул гӀуцӀиялъул комиссия. Данделъи ана ГӀ. НурмухӀамадовасул нухмалъиялда гьоркь. Гьениб бицен ккана форумалъул гӀуцӀиялъулгун финансовиял суалазул.

Данделъиялда иш тӀаде кколезе кьуна тӀадкъаял.

# «Горцы» фестиваль – районалда



29 июналда Шамильхъала поселокалда райадминистрациялъул минаялда цебе бугеб майданалда букӀана «Горцы» халкъазда гьоркьосел гӀадатазул ва фалькloralъул фестивалалъул рамкаялда жаниб тӀобитӀулеб «Праздник ремесел» фестиваль. РакӀалда щвезабизин фестиваль тӀобитӀулеб букӀана ЮНЕСКОялъул бихьизабиялда рекъон РДялъул культураялъул министерстволъ ва Россиялъул В. Д. Поленовасул цӀаралда бугеб Пачалихъияб Рукъалъ.

Фестивалалъ цолъизаруна Азербайджаналъул, Индиялъул, Ираналъул, Казахстаналъул, Сербиялъул, Словакиялъул, Чехиялъул, гьединго Ингушетиялъул, Кабардино-Балкариялъул, Чачаназул ва цогидалги республикаби.

Саламалъулал рагӀаби абун фестиваль рагьана районалъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадовас. Жиндирго кӀалъаялда гьес абуна: «Россиялъул президент В. В. Путиница абухъе улкаялъул республикабазул бечелъабазул ирслъун ккола халкъияб фольклор, халкъалъул кечӀ бакъан, кьурдаби, костьюмал, музыкалиял тӀагӀелял, гӀаммал гуманиял къиматал жал, лъай ва тарбия кьей.

Нилъер гӀемер миллатазулаб Дагъистанал-даги цӀодорго, цӀунигун ралагьула халкъиял гӀадатазул культураялдехун, цоцадехун адаб – хатир куцалел гӀадатаздехун, гьудуллъи рекъел цӀунулеб гьоболлъиялдехун.»

Саламалъул рагӀаби абун кӀалъазе рахъана культураялъул начальник ГӀ. ГӀабдулаев, Словакиялъул «Полено» ансамблалъул художественнияй нухмалъулей Вера Эльясова. Тадбиралда гӀахьаллъана Словакиялъул «Полено» фольклорияб ансамбль, нилъер «Счастье гор» ансамбль.




ГӀуцӀун рукӀана росабазул культуриял централазул азбарал, бихьизаруна батӀи – батӀиял хӀалтӀабазул тӀагӀелал. Гьенир гӀахьаллъана Унсоколо, Генуб, ЦӀатӀанихъ, ГьаракӀуни, Майданское росабазул коллективал. Гьезие ва гьалбадерие кьуна РДялъул культураялъул министерстволъул «За сохранение традиционного наследия и участие в фестивале ремесел», - абураб хъвай – хъвагӀайгун дипломал. Словакиялдаса гьалбадерие кьуна ансадерил махщалил ракӀалде щвеялъул тӀагӀелал. БукӀана кӀудияб концерт.

Фестиваль лъугӀана киназго цадахъ районалъул гимн ахӀиялдалъун.

# ХӀалтӀулаб группаялъул халгьаби



Араб анкьалда «Унсоколо район» МОялъул служба «ЖКХ» МКУялъул директор А. ГӀабдулхаликъовги, архитектураялъулгун бакӀал раялъул бетӀерав специалист ХӀ-М. ГӀабдурахӀмановги комиссияги гӀуцӀун щвана Балахьуни росулъ балеб бугеб школалъул техническияб рахъалъул хал гьабизе. Бихьизабизе ккола 2011 соналдаго финансирование гьечӀолъиялъул хӀасилалда чӀезабун буго гьеб баялъул хӀалтӀи. Жакъа къоялдеги гьеб рагьун гьечӀо. Рарал цӀадаз тӀад чердак гьабичӀеб школалъе бараб мина лъикӀаб гьечӀеб хӀалалде ккана. Гьелда бан комиссиялъ хӀадурана гӀемерал бадирчӀваял ва хӀисабалде росизе лъикӀал рахъал рихьизарун рекомендацияги.

Гьединго дагьал цересӀан къоязда бакӀал раялъулгун ремонтал гьариялъул комиссия щвана ахириял заманазда рарал цӀадаз Майданское росдал нухал хвезарун, бакӀал рихизарун ругищали хал гьабизе. Гьелдалъун гӀезегӀан ккарал заралал хӀисабалде росана. Комиссиялъ хӀисабалде росана Рихьуни росдал гӀадамазул росдал магӀишаталъул бакӀазде унел нухазул бугеб ахӀвал-хӀал, хӀорил рагӀалазда цӀуниялъулал хӀалтӀаби гьари. Ахирияб заманалда рарал чвахун цӀадаз 547,0 отметкаялде бахана хӀориниб лъим. ХӀисабалде росарал хӀалтӀаби гьарулел руго.

# ХӀорил рагӀаллъаби рацӀад гьаруна



Дагъистан республикаялъул БетӀерасул ва правительстволъул нухмалъулесул бихьизабиялда рекъон, гьединго РФялъул Президентасул миллиялгун стратегическиял масъалаби тӀуразарулаго «Лъел хӀорал ва объектал цӀуниялъулги» хӀукмаби тӀуразарулаго «Унсоколо район» МОялъул служба «ЖКХ» МКОялъ гьал къоязда рихьуни ГЭСалъул хӀорил рагӀаллъабаздаса чороклъи бакӀариялъе субботник тӀобитӀана, киса – кибего сверухълъи бацӀад гьабуна. Гьединал тадбирал хӀорида сверухъ щибаб санайилго тӀобитӀула районалда.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 29 (7378)
Хамиз
4 Июль 2019 сон

3 гьумер

# С а д о в о д

**Страница в номере**



# Положение

**«О проведении молодежного форума Унцукульского района»**
**1. Общие положения.**

1.1. Настоящее положение о проведении молодежного форума Унцукульского района (далее –Форум) определяет цель и задачи, сроки и место проведения, условия участия Форума, порядок проведения Форума, основные направления образовательной программы.

1.2. Молодежный форум Унцукульского района (далее - Форум) - это площадка для личностного роста, развития и раскрытия потенциала молодёжи, разработки новых проектов, установления коммуникационных связей и контактов.

1.3.Организаторами Форума является администрация муниципального образования «Унцукульский район».

**2. Цель и задачи Форума.**

2.1. Цель и задачи:
2.1.1. Мотивация молодежи к активной жизненной позиции.
2.1.2.Стимулирование интереса молодежи спортивной и образовательной деятельности.
2.1.3.Способствовать повышению качества подготовки студентов в соответствии с современными требованиями к высшему образованию, эффективному развитию и использованию творческого потенциала студентов.
2.1.4.Раскрытие способностей каждого студента, воспитание патриота, личности, готовой к жизни в высокотехнологичном, конкурентном мире.
2.1.5.Укрепление связей между МО «Унцукульский район» и студентами ВУЗов России.
2.1.6.Установление дружеских связей между студентами, обмен информацией и опытом работы, проведение совместных мероприятий.
2.2.Форум направлен на поддержку талантливой студенческой молодежи выходцев из Унцукульского района, для стимулирования к успешной учебе, спорту, повышения качества подготовки, укрепления связей между администрацией муниципального района и студентами вузов.

**3.Организаторы Форума**

3.1. Организаторами Форума являются Администрация МО «Унцукульский район»; Отдел культуры администрации МО «Унцукульский район», Отдел молодежной политики и туризму МО «Унцукульский район»; Отдел образования муниципального образования «Унцукульский район».

**4. Время и место проведения Форума**

4.1. Форум проводят каждый год в последнюю пятницу июля месяца, 17 часов 00 минут на площади Администрации муниципального образования «Унцукульский район», по адресу: Республика Дагестан, Унцукульский район, п. Шамилькала, ул. М. Дахадаева, 3.

**5. Порядок отбора участников**

5.1. В рамках Форума состоится работа двух направлений:
«За отличную учебу»;
«За достижения в спорте».
5.2. По направлению «За отличную учебу» участниками Форума могут быть студенты высших учебных заведений РФ.
5.3. По направлению «За достижения в спорте» участниками Форума могут быть студенты-спортсмены в возрасте от 18 до 35 лет.
5.4. Для участия в Форуме участники представляют следующие копии документов и оригинал для сверки:
5.4.1. По направлению «За отличную учебу»:
-паспорт (копия и оригинал);
-зачетная книжка(копия и оригинал).
5.4.2.По направлению «За достижения в спорте»:
-паспорт (копия и оригинал);
-грамота (диплом) (копия и оригинал).
5.5. Критерии награждения студентов
5.5.1. Для включения в списки награждаемых по всем номинациям необходимо выполнение следующих критериев:
1) Награждаемый должен быть студентом очного отделения, впервые получающим высшее образование любого факультета ВУЗов России:
2) Награждаемый должен быть уроженцем или выходцем Унцукульского района.
3) В номинацию «За отличную учебу» включается студент, который две последние сессии сдал только на«отлично».
4) В номинацию «За достижения в спорте» включается студент, который в течение 2018 -2019 гг. на официальных чемпионатах и соревнованиях по любому виду спорта завоевал титул чемпиона:
Дагестана 1 – место
СКФО 1 – место
России 1 – 2 места
Европы, Мира и Олимпийских игр 1 – 2 – 3 места.
6. Основания для отказа принятия документов
6.1. Основанием для отказа включения в список награждаемых являются:
-за не представление документов указанных в п. 5.4.1. и 5.4.2. настоящего Положения;
-за представление документов позднее срока указанного в п. 7.1. настоящего Положения.
7.Сроки предоставления документов
7.1.Документы для принятия участия в Форуме представляются до 21 числа июля месяца.

## Республика Дагестан Унцукульский район
## Собрание депутатов муниципального района

368950 Республика Дагестан Унцукульский район пгт. Шамилькала, ул. М. Дахадаева 3, тел. 55-62-87

от 27 июня 2019 года № 19

**РЕШЕНИЕ**
**О досрочном освобождении от должности председателя Контрольно-счетной палаты муниципального района «Унцукульский район» Шамсудинова Ж. М.**

На основании пункта 4, части 5, статьи 8 Федерального закона № 6 - ФЗ от 7 февраля 2011 года «Об общих принципах организации и деятельности контрольно-счетных органов субъектов Российской Федерации и муниципальных образований», Собрание депутатов муниципального района «Унцукульский район»

**РЕШАЕТ:**

1. Освободить досрочно председателя Контрольно-счетной палаты муниципального района «Унцукульский район» Шамсудинова Жамалудина Магомедовича.

2. Опубликовать настоящее решение Собрания депутатов муниципального района в районной газете «Садовод» и разместить на официальном сайте администрации МР «Унцукульский район» в сети Интернет в разделе «Собрание депутатов».

**Председатель Собрания М. Юсупов**

**РЕШЕНИЕ**
**Об утверждении структуры администрации муниципального района «Унцукульский район»**

Принято Собранием депутатов 23 мая 2019 года №8

В соответствии с частью 8 статьи 37 Федерального закона от 06.03.2003 №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации и пунктом 1 статьи 33 Устава муниципального района «Унцукульский район», в целях совершенствования структуры администрации муниципального района «Унцукульский район», повышения эффективного управления деятельностью администрации, Собрание депутатов муниципального района

**РЕШАЕТ:**

1. Утвердить структуру администрации муниципального района «Унцукульский район» (прилагается).
2. Администрации муниципального района привести в установленном порядке нормативные правовые акты, регламентирующие ее деятельность, в соответствие с утвержденной структурой.
3.Настоящее решение опубликовать в средствах массовой информации и на официальном сайте администрации муниципального района «Унцукульский район».
4.Настоящее решение вступает в силу со дня его подписания.
5. С момента вступления в силу настоящего решения признать утратившим силу решение Собрания депутатов муниципального района от 29.12.2014 г.№135 о структуре администрации МО «Унцукульский район», решение Собрания депутатов муниципального района от 18.01.2016 г. о внесении изменений в структуру администрации МО «Унцукульский район», решение Собрания депутатов муниципального района от 29.12.2016 г. №10 о внесении изменений в структуру администрации МО «Унцукульский район».

**Глава муниципального района И.Нурмагомедов**

Утверждена решением Собрания депутатов муниципального района от 23.05.2019 г. №8

**Структура Администрации муниципального района «Унцукульский район»**



Дин ва гIелму

# Гьереси бицин - кIудияб мунагь

Гьереси бицин буго бищун къабихIал мунагьаздасан цояб. ТIадегIанав Аллагьас нилъеде амру гьабулеб буго гьерсидасан цIуни гьабе,-ян. Щибго гуреб дунялалъул ишазе гIоло гьереси бицунелги камуларо. Хасго кIудияб мунагьлъун ккола гьересиялдалъун даран-базар ва цогидаб иш гьабулаго кIиго чиясда гьоркьоб бицараб хабар. XIакъикъияв бусурманчияс кидаго битIараб бицине ккола кигIан жиндие хайир гьечIеб бугониги. ИсмагIил ибну ВаситIица абуна: «Авараг (с. т. гI. в.) накълулъун хадуб, дида Абубакар асхIабас бицунеб рагIана цо нухалъ аварагас (с. т. гI. в.) абунин: «Нужеца гьереси бициналдаса цIуни гьабе, гьеб къосаралгун цадахъ букIуна, гьеб кIиябгоги жужахIалъулъ буго»,-ян. Абу-Умаматица бицараб цоги хIадисалда буго: «Гьереси нифакъаялъул бутIаялдасан цо бутIа буго»-ян.

ГIабдулагь ибну Жаррадица аварагасда (с. т. гI. в.) цо нухалъ цIехон буго: «Я Аллагьасул расул, муъминчияс зина гьабулищ»?,-абун. Аварагас (с. т. гI. в.) абуна: «Цо-цо лъугьуна»,-ян. Нахъеги цIехана ГIабдуллагьица: «Гьереси бицунищ муъминчияс?»,-абун. Аварагас (с. т. гI. в.) абуна бицунарин ва гьелдаго нахърагIизабун Аллагьасул гьал рагIабиги абуна: «Гьереси бицуна Аллагьасул аятазде иман лъоларел чагIаз»,-ян. Аварагас (с. т. гI. в.) жиндирго дугIаялдаги абулаан: «Я дир Аллагь, Дуца дир ракI нифакъалдаса, гIаврат зинаялдаса ва мацI - гьересиялдаса бацIцIад гьабе»,-ян. Малик ибну Динараца абуна: «Цояб нахъе инегIан, гьереси ва ритIухълъи ракIалда жаниб цоцадехун рагъ гьабулеб букIуна»,-ян. Бухарияс бицараб хIадисалда буго: «Цо нухалъ макьилъ дида бихьана дихъе цояв вачIарав гIадин, гьес диде «ТIаде вахъа»,-ян абуна, дун гьевгун тIаде вахъана, гьеб мехалъ дун вугоан кIиго чиясда аскIов, гьезул цояв вуго вахъун чIун, цогидав гIодов чIун. Вахъун чIарасда кодоб букIана маххул гьабураб газа-алат, гIодов чIарасул кIалдиса гIодобе гъажалде щвезегIан къазабулеб, цинги нахъе цIан, цогияб рахъалдехунги гьебго куцалда къазабулеб. Дун тIаде вахъине гьавурасдехун дица абуна: «Гьаб щиб?»-абун. Гьес абуна: «Гьав вуго гьерсихъан, къиямасеб къоялде щвезегIан жиндие хабалъ гIазаб гьабулев»,-абун.

Инсанасул калам буго мурадлъун бугеб жоялде нух. Кинаб бугониги лъикIаб мурадалде нухлъун букIине бегьула гьересиябги битIарабги калам. Гьересияб калам абуни гьелъулъ хIарамаб букIуна, амма къасдлъун бугеб жоги хIалалаб батани, гьересиялдалъун гурони нух бачине ресги батичIони, гьеб мехалда гьереси бицине хIалалаб букIуна. Къасдлъун бугеб жо, бусурманчиясул би цIуниялда релълъун тIадаб батани, гьереси бицинги тIадаб букIуна. Гьединлъидал руго цо-цо бакIал жиделъ гьереси бицине нух кьурал. Гьелде тIоритIел гьабула Умму-Кулсумица бицараб: «Дида рагIана Аллагьасул расулас абулеб: «Лъабго бакIалда гурони гьереси бицине нух кьоларо»,-ян. Гьездасан ккола: «Бицунеб рагIиялдаса бусурбабазда ялъуни кIиго халкъалда гьоркьоб маслихIат гьабиги бокьун кIалъалев, рагъул майданалда тушманасда тIад бергьенлъи босизелъун кIалъалевги, щайгурелъул, рагъ буго хIиллаялда тIад гIуцIараб жо. Рос-лъадиялда гьоркьоб маслихIат гьабизе бицунеб»,-ян. Бухарияс бицараб цоги хIадисалда буго: «КIиго чиясда гьоркьоб маслихIат гьабизелъун гьересиялдалъун лъикIаб рагIи бицаравги гьерсихъан кколаро»,-ян. Гьаб лъабабго бакI буго хIарамаб букIиналда гъорлъа бахъараб.

## ИЗВЕЩЕНИЕ О РЕЗУЛЬТАТАХ АУКЦИОНА
## НА ПРАВО ЗАКЛЮЧЕНИЯ ДОГОВОРОВ АРЕНДЫ МУНИЦИПАЛЬНОГО ИМУЩЕСТВА

**Организатор аукциона**

Администрация муниципального образования «поселок Шамилькала».
Место нахождения: 368950, Унцукульский район, пос.
Шамилькала, ул. Махача Дахадаева, офис №2
Официальный сайт организатора аукциона: **http://mo-shamilkala.ru**
Адрес электронной почты: **mo-shamilkala@yandex.ru**
Контактный телефон: 89883050102

**Предмет аукциона**

**Лот №1**

Адрес объекта: 368950, Унцукульский район, пос. Шамилькала.
Наименование объекта: водопроводно-канализационные сети,очистные сооружения;
Назначение объекта: недвижимое имущество
Балансовая стоимость - 38,530731,72

В соответствии с Протоколом № 1 от «03» июня 2019 г. победителем аукциона на право заключения договора аренды муниципального имущества признано ООО «УК-Шамилькала» в лице генерального директора Гусейнова Каримулы Имамудиновича.

## Мухбиразул пикраби

# Дир гьари

Хвелги ахиратги кIочон таразе
ТIадвугес къотIаги къвакIараб хIукмо!
Заназул рохьоре гочун унелъул
Босизе кколеб жо кIочон тогеги!

Бахине кколеб доб СиратIалъул кьо,
РакIалде щвечIезда иман тIинкIаги.
ГIарац бихьарабго Аллагь кIочонел
Хапугаби «маххул хIинчIалда» аги!

XIиллаби ургъулел мошенниказе
Михрал камугеги гарбал чIинтIизе!
Халкъ инжит гьабулел цIогьазул къукъа,
Хабалалъ рукъаги рухьун квералгун!

Ракълие нух къазе къасд гьабулезул
Къаркъалаби росун къанакье аги!
ТIолго дунялалъе хIинкъаби кьолеб
ИГИЛалъул кьалбал кьварун ракъвайги!

XIапу-чапуралде дунял бачунеб,
Бегуниса чIвайги, доб Америка!
Гьелъие хIелулел хIукуматазул
XIаприца кванайги тIолго бечелъи!

Россияги какун сверулев вугев
Порашенкол ботIролъ могоро щваги!
Рекъел щулалъаги, яшав лъикIлъаги
Халкъ бохизабулеб заман бачIайги!

**ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ.**
**Гъизилюрт шагьар.**

# Замана хисун буго

Гьаб мультиваркаялъул квегIенлъи рекIей гIурал
ГIолил ясаз гъасда цIа гьанже бакулеб гьечIо,
Почониб, тIалаялъуб, гьанже цIа бакуларо
ГIин кьурун цIа бакулел, газалъ ракулел пучдул.

ЦIорораб хинкI нисугун гьанже чияс кунаро
Котлет, шашликIалдацин гIайибал чIвалел руго.
ГIорцIи-ракъиялдаса къуватаб балагь буго
Ракъул саназ ракIазулъ щула букIана иман.

АнцIго рукъи тIад бараб, сугърал гордегин тIажу
Хур бекьун бокь бахъарал, дол цересел умумал.
Ункъого сон баразцин гIусаз гьоло букъулел
Къварилъи ккаразухъе, квер бегьизе хIадурал.

Гьанже, кримдыш, лапсан, каракулалъул тIагърал
Росаби чIунтун чIваднал, городазде гочун халкъ
Чи хIалалалъуб хIажатхан, хIажат тIубан магъало.
КIикъого сон балелде инсульталъ гъурулеб халкъ.



Хиянатлъи, хIилла-рекIкI, рихьдай сверулел чIумал,
ЧIвалел къойил гIадамал, цо рагьулареб такъсир.
Пайда гьечIел нуж щаян, цIехолареб хIукумат,
Аллагьас инсан кIодоги гьавун ракьалда вижаниги.

Кванай гурони кверзул, батIияб хIалтIи гьечIо
Хурибгин ахикь хIалтIун, магь цIоларел руччаби,
Нуж щайдай херлъулелан, хивалазда ватула.
БатIияб пикруялъе, бетIер хIалтIулеб гьечIо.

Доллар, евро цIикIкIунеб, методал ургъулаго
ГIадамазул къварилъи, лъиего хIажат гьечIо.
XIалтIичIого кваналеб къагIида ургъулеца
Аллагьас хъварабилан хъуштIизабула гIайиб.

**Лъазаби**

1995 соналъул июналда Унсоколо къасисеб школалъ МухIамадова ПатIимат ЩейхмухIамадовналъул цIаралда кьураб А. № 00092850 бугеб гIаммаб гьоркьохъеб лъай щвеялъул аттестат тIагIун буго.

Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района
Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД
Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 03 . 07. 19 г. 16:20
фактически -16:40 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.